

Maladi Respiratwa: Sentòm, Tretman, ak Vaksen

Maladi respiratwa, tankou grip, viris respiratwa sensisyal (RSV), COVID-19, ak refwadisman ka gaye nan kominote yo. Maladi sa yo pi kouran pandan sezon otòn ak sezon fred. Anpil nan maladi sa yo gen sentòm ki sanble: nen koule larim, tous, gòj fè mal, lafyè, ak plis ankò. Paj sa a la pou reponn kesyon sou fason pou anpeche ak jere sentòm ki asosye ak maladi sa yo.

- [Grip](#)
- [COVID-19](#)
- [RSV](#)

Sentòm, Dyagnostik, ak Tretman

Ki sentòm ki komen nan maladi respiratwa?

Sentòm maladi respiratwa komen yo enkli:

- Tous
- Lafyè
- Doulè nan misk
- Nen koule larim
- Souf kout
- Gòj fè mal
- Maltèt
- Doulè nan misk oswa kò fè mal

Mwen gen sentòm yon maladi respiratwa. Kouman mwen ka konnen ki maladi mwen genyen?

Si ou genyen sentòm ki endike anwo yo, ou ka fè yon tès COVID-19 lakay ou. Si w teste negatif, ou ka gen yon lòt maladi respiratwa. Anjeneral, li pa nesè pou fè tès pou grip oswa RSV, sitou si sentòm yo lejè epi ou pa gen [plis risk](#) pou w vin malad anpil akòz maladi sa yo.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen sentòm?

Sentòm lejè: Rete lakay ou

Sentòm lejè yo enkli yon tanperati ki pi ba pase 100 degre (pi ba 102.4 degre pou timoun ki pi gran pase twa mwa), doulè ak kò fè mal, oswa yon tous lejè. Repoze, bwè anpil likid, epi veye sentòm ou yo. Èspere ke, ou pral kòmanse santi w pi byen nan kèk jou.

Sentòm modere: Rele Biwo Founisè Swen Prensipal ou a

Si ou gen sentòm modere tankou yon lafyèw ki pi wo pase 100.4 degre, touse anpil, oswa souf kout, kontakte biwo founisè swen prensipal ou a.

Pou timoun ki gen laj 3 mwa oswa plis ki pa iminokonpwomi, yon gwo lafyèw pi wo pase 102.4 degre. Si pitit ou a gen lafyèw, touse anpil, oswa souf kout, ou ta dwe rele biwo founisè swen prensipal yo tou. Ou ta dwe rele tou si yo gen plis dòmi, si yo pa te ale nan twalèt la nan plis pase 10 èdtan (si 3 zan oswa plis) oswa plis pase 8 èdtan (si pi piti pase 3 zan). Doktè pitit ou a ka rekòmande pwochen etap yo.

Si ou pa gen yon founisè swen prensipal oswa ou gen sentòm ki bezwen atansyon imedya, eseye opsyon swen ijan nou yo:

- Pran yon randevou ak [Swen Ijan Vityèl \(Virtual Urgent Care\) Mass General Brigham](#). Mass General Brigham ofri sèvis swen ijan vityèl bon jan kalite ak pratik pou moun ki nan Massachusetts oswa New Hampshire. Si w gen enkyetid konsènan COVID-19 oswa lòt maladi respiratwa, ou ka konekte ak yon founisè vityèlman ak an sekirite. Tanpri sonje: Swe Ijan Vityèl (Virtual Urgent Care) se sèlman pou pasyan ki gen laj 3 an oswa plis.
- Vizite youn nan [sant Swen Ijan an pèsòn](#) nou yo.

Sentòm Grav: Chèche Swen Ijans

Ale nan Depatman Ijans si oumenm oswa pitit ou a gen sentòm grav, tankou:

- Gwo pwoblèm pou respire
- Doulè pèsistan oswa presyon nan pwatrin lan
- Nouvo konfizyon oswa vètij
- Pa kapab reveye oswa rete je klè
- Po, bouch, oswa anba zong tou pal, gri, oswa koulè ble, tou depann de ton po

Si ou pa kapab ale nan depatman ijans la, rele 9-1-1.

Ki tretman ki disponib si mwen malad?

- **COVID-19:** Si w teste pozitif pou COVID-19, opsyon tretman disponib. Aprann plis sou opsyon sa yo sou [sit entènèt nouan](#).
- **Grip:** Gen opsyon tretman pou grip ki disponib, espesyalman pou moun ki gen gwo risk pou grip grav. Gade [sitwèb CDC](#) pou plis enfòmasyon.
- **RSV:** Pa gen okenn tretman espesifik RSV ki disponib.
- **Refwadisman:** Pa gen okenn tretman espesifik refwadisman ki disponib.



Vaksen ak Prevansyon

Kouman mwen ka anpeche maladi respiratwa?

Ou ta dwe swiv rekòmandasyon ki anba yo. Si ou gen yon timoun, ou ta dwe ede pitit ou a fè bagay sa yo:

- Kouvri touse ak etènne ou ak yon mouchwa oswa manch chemiz ou, pa men ou.
- Lave men w souvan ak savon ak dlo pou omwen 20 segonn.
- Netwaye sifas moun manyen souvan tankou bouton pòt yo ak aparèy mobil.
- Si yon timoun nan gwoup ki gen plis risk pou [grip](#), [RSV](#) oswa [COVID](#), konsidere limite tan pase nan espas ki gen anpil moun oswa nan espas pataje, tankou gadri, makèt oswa magazen ki andedan bilding.
- Ankouraje bay tete oswa lèt tete, paske li pral bay tibebe yo antikò matènèl.

Konsèy prevansyon sa yo pral ede anpeche nenpòt maladi respiratwa epi yo se bon pratik pou tout fanmi an.

Ki vaksen ki disponib pou anpeche maladi respiratwa?

Vaksen kont Grip

- Tout moun [ki gen 6 mwa oswa plis](#) ta dwe pran vaksen kont grip chak sezon.
- Vaksen kont grip la enpòtan sitou pou timoun ki poko gen 5 an (sitou pou timoun ki poko gen 2 an) ak timoun nenpòt laj ki gen sèten kondisyon sante kwonik tankou opresyon ak dyabèt. Vaksen kont grip la enpòtan pou gwoup sa yo paske yo gen plis risk pou yo devlope konplikasyon grip la. Gade [sitwèb CDC](#) pou plis enfòmasyon.

Vaksen kont COVID-19

- Tout moun [ki gen laj 5 an oswa plis](#) ta dwe pran 1 dòz yon vaksen COVID-19 ki ajou.
- Timoun [ki gen laj 6 mwa jiska 4 an](#) ka bezwen plizyè dòz vaksen COVID-19 pou yo ka ajou.
- Moun ki [iminokonpwomi modere oswa grav](#) ka pran lòt dòz vaksen COVID-19 ki ajou.

Vaksen RSV

- Adilt [ki gen 60 an oswa plis](#) ka pran yon vaksen RSV.
 - Granmoun ki pi gran ki gen [sèten kondisyon](#) ka espesyalman benefisye lè yo pran vaksen RSV.
- [Moun ki ansent ka](#) pran vaksen RSV Abrysvo tou.

Ki kote mwen ka aprann plis sou vaksen RSV ak prevansyon?

Pou plis enfòmasyon sou vaksen RSV ak opsyon prevansyon, [gade sit entènèt nou an](#).



Ki kote mwen ka pran vaksen sa yo?

Pou jwenn yon kote pou vaksen COVID oswa grip toupre w, vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov). Ou ka jwenn yon kote pou vaksen COVID ki ajou tou lè w tekste kòd postal ou a nan 438829 oswa rele 1-800-232-0233. Anpil famasi ap ofri vaksen RSV tou , espesyalman pou granmoun ki gen 60 an oswa plis.

Anpil biwo swen prensipal ak espesyalite atravè Mass General Brigham pral ofri vaksen COVID, grip, ak RSV tou nan vizit biwo ki pwograme regilyèman.

Lòt Resous

Grip:

- [Anpeche Grip Sezonye | CDC](#)
- [FAQ ak Kote sou Vaksen kont Grip ak COVID-19 | Mass General Brigham](#)

COVID-19:

- [Rete Ajou ak Vaksen COVID-19 | CDC](#)
- [Vaksen kont COVID-19 ak Piki Rapèl | Mass General Brigham](#)

RSV:

- [RSV \(Viris Respiratwa Sensisyal\) | CDC](#)
- [Viris Respiratwa Sensisyal \(RSV\) | Mass General Brigham](#)

Mizajou: 3 novanm 2023

